

Septanm 2018

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan anpil oumenm ak pitit ou a vin patisipe nan pwogram pre-K nou an ane lekòl sa a. Pwofesè pitit ou a ak administratè yo pral ede li avèk leson enteresan kote l ap patisipe, pou ba li baz li bezwen pou li ka toujou renmen aprann pandan tout vil li. Pami efò n ap fè yo, n ap suiv pwogrè pitit ou a nan yon seri aptitud akademik ak sosyal ansanm avèk devlopman langaj pandan tout ane lekòl la.

Nan kòmansman ane a, pwogram pitit ou a te evalye timoun pou wè si yo pa gen bezwen pou devlopman ak pou enstriksyon, jan règleman eta Nouyòk pou Pre-k inivèsèl la mande li. Evalyasyon sa a pat disponib nan lang pitit ou a pale lakay li a. Byenke pitit ou a pa t patisipe nan evalyasyon an, pwofesè li a ap obsève li epi l ap rasanble enfòmasyon pou kenbe ou okouran pwogrè pitit ou pandan tout ane a.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a oswa biwo nou nan earlychildhood@schools.nyc.gov.

For more information on Early Childhood resources please visit our website at <https://www.schools.nyc.gov/school-life/learning/grade-by-grade/early-childhood-learning>

Avèk senserite,



Josh Wallack

Chanselye adjwen pou edikasyon pou debitan (Early Childhood Education) ak pou enskrisyon elèv

